# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–16 मई 2026** **भोजपुरी समाचार**

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु गोरखपुर के ताल नदोर में तीनि सौ तिरानबे करोड़ रूपिया के लागति से बनावल जा रहल अन्तर्राष्ट्रीय क्रिकेट स्टेडियम क नेइ धइलें। येह मौका पर आयोजित कार्यक्रम के सम्बोधित करत मुख्यमंत्री स्टेडियम के बगल में विस्व स्तर क स्पोर्ट्स काम्प्लेक्स बनवले क घोसणा कइलें। उहां के बतवलीं कि स्टेडियम आ स्पोर्ट्स कॉम्प्लेक्स के लग्गे होटल, रेस्त्रां अउर बजारि क नया श्रृंखला बिकसित कइल जाई, जेहसे ढेरि संख्या में रोजिगार पैदा होई। श्री योगी कहलें कि खेलो इण्डिया खेलो आ फिट इण्डिया मूवमेंट के जरिया से देस आ प्रदेस में एगो नया खेल क संस्कृति आगे बढ़ल हौ।

***प्रधान मंत्री जी ने 2014 में देशवासियों से कहा था एक खेलो इंडिया खेलो का एक स्लोगन दिया था। फिर उन्होंने फिट इंडिया मूवमेंट की बात कही थी। देश के अंदर इनके माध्यम से एक नई खेल संस्कृति आगे बढ़ी। परिणाम है भारत का प्रतिभाग इंटरनेशनल जितनी भी वर्ल्ड कप से जुड़ी हुई प्रतियोगिताएं थीं उनमें बढ़ी।***

मुख्यमंत्री बतवलें कि प्रदेस में अबले पांच सौ चौंतीस से बेसी पदक जीते वाले खेलाड़ियन के सीधी भरती से नोकरी दीहल जा चुकल हौ आ पांच सौ खेलाड़ियन बदे नया भरती क तइयारी बा।

येह मौका पर मौजूद केन्द्रीय पेट्रोलियम आ प्राकृतिक गैस मंत्री हरदीप पुरी कहलें कि गोरखपुर क इण्टरनेशनल क्रिकेट स्टेडियम नौजवानन क सपना अउर सम्भावना के नया दिसा देई। येह मौका पर केन्द्रीय वित्त राज्य मंत्री कमलेश पासवानों मौजूद रहलें।

**********

केन्द्रीय माध्यमिक शिक्षा बोर्ड–सीबीएसई शैक्षणिक सत्र दुइ हजार पचीस–छब्बीस क कक्षा बरहवीं के बोर्ड परीक्षा क नतीजा घोसित भइले के बाद छात्रन बदे कई गो सुविधा क घोसणा कइले हवे। बोर्ड येह बेरि मूल्यांकन प्रक्रिया के अउरियो बेसी सटीक आ पारदरसी बनावे बदे 'ऑन स्क्रीन मार्किंग'– ओएसएम प्रणाली क उपयोग कइले हौ। एगो रिपोर्ट–

***पहले चरण में, छात्र अपनी मूल्यांकित उत्तर पुस्तिकाओं की स्कैन की गई प्रतियां मांग सकते हैं। ये ऑनलाइन लॉगिन के माध्यम से उपलब्ध कराई जाएंगी और समीक्षा के लिए डाउनलोड की जा सकती हैं। जबकि दूसरे चरण में, छात्र विसंगतियों के सत्यापन के लिए आवेदन कर सकते हैं या अंकन योजना के आधार पर विशिष्ट उत्तरों के पुन मूल्यांकन का अनुरोध कर सकते हैं। बोर्ड ने कहा कि सभी आवेदन निर्धारित समय सीमा के भीतर ऑनलाइन जमा किए जाने चाहिए, और प्रत्येक चरण के लिए केवल एक आवेदन स्वीकार किया जाएगा। छात्र 19 से 22 मई के बीच मूल्यांकित उत्तर पुस्तिकाओं की स्कैन की गई प्रति प्राप्त करने के लिए ऑनलाइन आवेदन कर सकते हैं, जिसका शुल्क प्रति विषय सात सौ रुपये है। अनुपम और शिवांग की रिपोर्ट के साथ समाचार कक्ष से फरहत नाज।***

**********

केंद्रीय अन्वेषण ब्यूरो–सीबीआई नीट–यूजी– दुइ हजार छब्बीस परीक्षा प्रस्नपत्र लीक मामिला में मुख्य आरोपी पी.वी. कुलकर्णी के पुणे से गिरफ्तार कइ लिहले हौ। कुलकर्णी रसायन विज्ञान क लेक्चरर हवें आ एनटीए के ओरि से परीक्षा प्रक्रिया में सामिल रहलें। एजेंसी पछिला चउबीस घंटा में देस भर में कई जगहिनि पर तलासी अभियान चलवलस आ कई गो आपत्तिजनक दस्तावेज, इलेक्ट्रॉनिक उपकरण आ मोबाइल फोन जब्त कइलस। एहसे पहिले गिरफ्तार कइल गइल पांच आरोपियन में से तीनि गो जयपुर से, एगो गुरूग्राम से आ एगो नासिक से हवे।

**********

दुनिया भर में कच्चा तेल के दाम में आइल उछाल के बाद तेल कम्पनी पेट्रोल आ डीजल के दाम में तीनि रूपिया प्रति लीटर क बढ़ोत्तरी कइले हौ। राज्य के प्रमुख सहरन में अब पेट्रोल क दाम औसतन पंचानबे से सत्तानबे रूपिया प्रति लीटर आ डीजल क दाम करीब अट्ठासी से एक्यानबे रूपिया प्रति लीटर हो गइल बा।

**********

प्रदेस के सज्जो जिलन के सज्जो तहसीलिनि में आजु सम्पूर्ण समाधान दिवस क आयोजन कइल गइल। येह दौरान अधिकारी लोगि जनसमस्या क सुनवाई करत ओकर गुणवत्ता के साथे निस्तारण क निरदेस दिहलें। बस्ती के सदर तहसीलि में जिलाधिकारी कृतिका ज्योत्सना आ पुलिस अधीक्षक डॉक्टर यशवीर सिंह लोगिन क समेस्या सुनलें। बलरामपुर के सदर तहसीलि में आयोजित समाधान दिवस में जिलाधिकारी विपिन जैन आ पुलिस अधीक्षक विकास कुमार मौजूद रहलें।

**********

प्रदेस के सज्जो पूरबी जिलन में वट सावित्री क तिउहार आजु सरधा–भक्ति आ उछाह के माहौल में मनावल जा रहल बा। प्रयागराज में आजु सबेरे सुहागिन महिला लोगि वट वृक्ष क पूजा कइ के अपने सुहाग क लमहर उमिरि आ बढ़ियां सेहत क कामना कइलिनि। गोरखपुर अउर गाजीपुर में निर्जल व्रत रहि के महिला लोगि वट सावित्री क पूजा कइलिनि। येह तिउहार क महातम सावित्री अउर सत्यवान के कथा से जुड़ल हौ, जेहमें माता सावित्री यमराज से अपने पति सत्यवान के प्राण क रक्षा कइले में सफलता पवले रहलिनि।

**********